Bugungi kunda texnologik ta'limning asosi bilimlarni uzatish, ko‘nikmalarni shakllantirish emas, balki bo‘lajak o‘qituvchining kasbiy kompetentlik va tegishli kompetensiyalarini rivojlantirish bo‘lishi kerak. Bu bir tomondan, kasbiy kompetentlik kasbiy tayyorgarlik va kasbiy faoliyat sifatining ajralmas mezoni bo‘lsa, ikkinchi tomondan, u mehnat funktsiyalarini bajarishning yuqori sifati, mehnat madaniyati va shaxslararo muloqot bilan tavsiflangan shaxsiy xususiyatdir, kasbiy muammolarni faol va ijodiy hal qilish qobiliyati, shuningdek, faoliyatning ko‘p qirrali jihatlari, tadbirkorlik va boshqaruv qarorlarini qabul qilishga, yangi ish sharoitlariga moslashishga tayyorligi (1- rasmga qarang) [2].

Kasbiy kompetentlikka ega bo‘lgan mutaxassis o‘z bilimlarini doimo boyitib boradi, yangi axborotlarni o‘zlashtiradi, davr talablarini chuqur anglaydi, yangi bilimlarni izlab topadi, ularni qayta ishlaydi va o‘z amaliy faoliyatida samarali qo‘llaydi.

**Xulosa va takliflar**. Texnologiya fani o‘qituvchisini texnologik tayyorlash jarayonida uning kasbiy texnologik qadriyatlarini shakllantirish va rivojlantirish, kompetensiya darajasi integratsiyalashgan bilimlar majmuasini o‘zlashtirish usullarini tanlashda xabardorlik va faollikka bog‘liq. Bu kasbiy kompetentlikni rivojlantirish uchun zarur potentsialni ta’minlaydigan bilimlarning integratsiyasidir. Shuningdek, biz o‘qituvchining kasbiy kompetentligini o‘z ishida o‘qituvchilik faoliyati va pedagogik muloqotning turli jihatlarini shakllantirishdir, bunda o‘qituvchining shaxsiy talablari o‘z-o‘zini o‘rganish va rivojlantirishda barqaror ijobiy natijalarni ta’minlaydigan darajada amalga oshiriladi.

**Adabiyotlar**

1. Мирзиёев Ш.М. Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш – юрт тараққиёти ва халқ фаровонлигининг гарови. –Т.: «Ўзбекистон», 2017. 22-б.

2. Orinbetov N. Mutaxassis tayyorlashda kasbiy kompetentsiyani rivojlantirishning ahamiyati. // Бердақ номидаги Қорақалпоқ давлат университетининг Ахборотномаси. 2024. №3. 118-121-b.

3. Orinbetov N. Bo‘lajak texnologiya o‘qituvchilarining texnik va texnologik kompetentsiyasini shakllantirish metodikasi. // O‘zbekiston Milliy universiteti xabarlari. –T.: 2024. №1/7. 154-156-b.

4. Ochilova G.O., Akbarova S.Sh. Kasbiy kompetentlik. (Darslik). – T.: «Innovatsion rivojlanish nashriyot-matbaa uyi», 2022. 324-b.

**REZYUME.** Maqolada texnologik ta’lim yo‘nalishlari talabalarni tayyorlashning zamonaviy holati va muammolari, texnologik ta’limda kompetensiyaviy yondashuv asosida mutaxassislarni kasbiy faoliyatga tayyorlash, fanlarga singdirilgan faol bilimlar, yangiliklar bilan izchil tanishtirib borish, o‘quv-bilish kompetentligini rivojlantirish, malakali mutaxassis sifatida shakllanish, kasbiy o‘sishga erishish, talabalarda hayotiy va kasbiy faoliyatni tashkil etish uchun zarur ma’lumotlarni izchil, uzluksiz, maqsadli, tizimli o‘zlashtirish, ularning maqsadli shakllanishlariga erishish zaruriyati masalalari talqin qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются современное состояние и проблемы подготовки студентов в сфере технологического образования, подготовки специалистов к профессиональной деятельности на основе компетентностного подхода в технологическом образовании, активного использования знаний в дисциплинах, последовательного ознакомления с инновациями, развития учебно-познавательной компетентности, формирование квалифицированного специалиста, достижение профессионального роста, формирование у обучающихся вопросов необходимости целенаправленного и систематического усвоения информации, необходимой для организации жизни и профессиональной деятельности, и достижение их целенаправленного формирования, обсуждаются.

**SUMMARY.** The article discusses the current state and problems of training students in technological education, the need to prepare specialists for professional activity based on a competency-based approach in technological education, to consistently familiarize them with active knowledge and innovations in disciplines, to develop learning and cognitive competence, to form a qualified specialist, to achieve professional growth, to purposefully and systematically master the information necessary for students to organize their life and professional activities, and to achieve their purposeful formation.

## BASLAWÍSH KLASS OQÍWSHÍLARÍNÍŃ KREATIV PIKIRLEW KÓNLIKPELERIN QÁLIPLESTIRIW USÍLLARÍ

**S.K.Paluaniyazova** – *stajyor-oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** kreativ, tanqidiy fikr, kategoriya, ijod, ideya.

**Ключевые слова:** креатив, критическая мысль, категория, творчество, идея.

**Key words:** creative, critical thought, category, contrivance, idea.

**Kirisiw.** Búgingi kúnde ámelge asırılıp atırǵan reformalar bilimlendiriw tarawında túpten ózgerisler júzege keliwine xızmet etpekte. Buǵan dálil sıpatında «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızam tiykarında islep shıǵılǵan jańa oqıw dástúrleri mazmunında baslawısh klass oqıwshılarına bilim beriwde dóretiwshilik pikirlewiniń nátiyjeliligin asırıw boyınsha joqarı talaplar kiritiliwin atap aytıwǵa boladı.

Jáne de oqıtıw barısında qábiletli jaslardı anıqlaw, tańlaw, oqıtıw hám tárbiyalaw tarawında mámleketlik siyasatın islep shıǵıw hám onı ámelge asırıw boyınsha bir qansha jumıslar kózde tutılǵan [1]. Bul bolsa házirgi zaman oqıtıwshılarına juwapkershilikli wazıypa júkleydi.

**Ádebiyatlarǵa sholıw.** Jaslardıń qábiletin rawajlandırıwda olardıń kreativ iskerligin jetilistirip barıw zárúr. Bul boyınsha mámleketimizdiń pedagog hám psixolog ilimpazlarınan A.Aliyev [2], A.Ismailov [3], B.E.Karimova [4], R.A.Mavlonova [5] sıyaqlı ilimpazlar shaxstıń kreativ pikirlewiniń psixologiyalıq táreplerin izertlewge erisken.

Degen menen, baslawısh klass oqıwshılarınıń kreativ pikirlew kónlikpelerin rawajlandırıw hám qáliplestiriw usılları óz izertleniwin kútip turǵan áhmiyetli máselelerden sanaladı.

Joqarıdaǵı pedagog ilimpazlar, ásirese, R.A.Mavlonova tárepinen alıp barılǵan izertlewler menen tanısar ekenbiz, oqıtıwshınıń kreativligi – bul oqıwshınıń bilim alıwında óziniń áhmiyetli kórinisin tabatuǵın dóretiwshilik xarakterge iye ekenligi hám olardı ulıwmalastırǵan halda biz tómendegi pikirlerge keldik: kreativlik oqıtıwshılardı innovatorlıqqa iytermelewshi pedagogikalıq kategoriya bolıp, oqıtıwshınıń kásiplik hám jeke sapasınıń integraciyası sıpatında kózge kórinedi degen pikirlerdi ayta alamız [5].

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Kreativlik shaxstıń nátiyjeli iskerligin támiyinleytuǵın tiykarǵı kategoriyalardan biri bolıp, bilimlendiriw procesine kreativ jantasıw oqıwshılardıń bilimdi ózlestiriw sapasınıń dóretiwshilik iskerligi tiykarında rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Sonday-aq, kreativlik – shaxstı rawajlandıratuǵın kategoriya sıpatında insan ruwxıylıǵınıń ajıralmas bir bólegi, shaxstıń ózin-ózi rawajlandırıw faktorı bolıp tabıladı. Ol insannıń iye bolǵan bilimleriniń kóp qırlılıǵında emes, bálkim jańa ideyalarǵa umtılıwda hám ornatılǵan stereotiplerdi jańalıq jaratıw procesinde reformalaw hám ózgertiwde, turmıslıq mashqalalardı sheshiw procesinde tosattan hám ózgeshe qararlar shıǵarıwda óz kórinisin tabadı.

Kreativlik tikkeley innovaciyalar menen baylanıslı process bolıp tabıladı. Sebebi, oqıtıwshınıń kreativlik xızmet kórsetiwi ushın ol, álbette, óziniń tarawındaǵı eń sońǵı jańalıqlardan, sonıń menen bir qatarda, pútkil jámiyettegi waqıya hám hádiyselerden xabardar bolıwı, innovaciyalıq jańalıqlardı óz iskerliginde orınlı paydalana alıwı kerek. Solay eken, baslawısh klass oqıtıwshısı hár qanday jaǵday, hár qanday process hám hár qanday waqıtta eń nátiyjeli joldı izlep tabıwı jáne onı ámeliyatqa engiziw arqalı sabaq procesin nátiyjeli shólkemlestiriwi, baslawısh klass oqıwshıları sanasına tez, túsinikli, qolay hám nátiyjeli tárizde jetkiziwi de kreativliktiń bir kórinisi dep ataw múmkin.

Oqıtıwshınıń alıp barǵan jumısları tiykarında balalarda kreativlikti rawajlandırıwda tómendegilerge itibar qaratıw zárúr: olar tárepinen kóp sorawlar beriliwin xoshametlew; balalardıń erkin pikirlewin qollap-quwatlaw hám olarda juwapkershilikti kúsheytiw; balalar tárepinen ǵárezsiz iskerliktiń dúziliwi ushın múmkinshilik jaratıw; balalardıń qızıǵıwshılıqlarına itibar qaratıw [2].

Sonıń menen bir qatarda, tómendegi faktorlar shaxsta kreativlikti rawajlandırıwǵa tosqınlıq etedi: ózin táwekel etiwden alıp qashıw; pikirlew hám minez-qulqlarda turpayılıqqa jol qoyıw; shaxs fantaziyası hám oyda sáwlelendiriwdiń joqarı bahalanbawı; basqalarǵa baǵınıńqılı bolıw; hár qanday jaǵdayda da tek tabıstı oylaw.

Bilimlendiriw procesinde kreativ jantasıw óziniń «kúndelik» formasına iye. Mısalı, ol jazıw, sızıw, muzıka yamasa «kórkem óner»diń basqa tarawlarınıń iskerligi, jańa bilim hám túsinikler payda etiw yamasa túrli ashıq túrdegi sorawlarǵa kreativ sheshimler tabıw arqalı óz kórinisin tabadı. Usı tarawda kreativ pikirlew oqıwshılardıń innovaciyalıq, sonıń menen birge, ámeliy sheshimler usınıs etetuǵın, emocional mazmunǵa iye ideyalardı alǵa súriw hám basqalar pikirine qayırqomlıq bildiriw qábiletine baylanıslı. Shaxstıń kreativligi onıń oylawında, qarım-qatnasında, sezim-tuyǵılarında, arnawlı bir iskerlik túrlerinde kórinedi.

Baslawısh klass oqıwshılarınıń kreativ qábiletin rawajlandırıw usılları hám qurallarına tásir etiwshi zárúrli faktorlardan biri *oqıtıwshı-oqıwshı* sherikligine ayrıqsha itibar qaratıladı. Bizge belgili, bilimlendiriw procesi eki tárepleme xarakterge iye bolıp, oqıtıwshı hám oqıwshılardıń teń qarım-qatnaslarınan quram tabadı. Bul proceske basshılıq etiwshi oqıtıwshı tálim procesiniń durıs shólkemlestiriliwi, bilimlendiriw maqsetleriniń tuwrı ámelge asırılıwı hám tálim nátiyjeleri ushın juwapker shaxs sıpatında sáwlelenedi. Biraq bul bilimlendiriw procesi oqıtıwshınıń tolıq basshılıǵı astında orınlanatuǵın process degen nadurıs pikirdiń júzege keliwine tiykar bola almaydı. Házirgi zaman talabı da shaxstı baǵındırıw arqalı emes, bálkim sheriklik qatnası járdeminde unamlı nátiyjege erisiw bolıp tabıladı [4].

Biziń pikirimizshe, oqıw procesi bilimlendiriw procesin quraytuǵın ózgeriwsheń sistema bolıp, ol tómendegishe eki bólekten ibarat:

- oqıtıwshı menen oqıwshılar sherikligi;
- oqıwshılardıń óz ara bir-biri menen sherikligi.

Oqıtıw barısında mashqalalı tálimnen paydalanıw da kreativ qábiletti qáliplestiriwde nátiyjeli esaplanadı. Oqıwshılardıń qandayda bir haqıyqattı ózbetinshe izlewi hám jańalıq ashıwı menen baylanıslı bolǵan tálim metodlarınan evristikalıq yamasa ilimiy-izertlew metodları menen birge oqıwshılardı dóretiwshilik pikir «laboratoriyası»na alıp kiretuǵın process te úlken áhmiyetke iye.

Kreativlik hám óz ara sheriklik bir-biri menen tıǵız baylanıslı. Sebebi, tek ǵana jańasha jantasıw tiykarında sheriklik payda boladı hám mine sol sheriklikte dóretiwshilik óz kórinisin tabadı. Pedagogikalıq kreativlikti tek ǵana jańalıqqa, tájiriybeler ótkeriwge umtılıw dep túsinbew kerek.

Baslawısh klass sabaqlarında oqıwshılardıń kreativ qábiletin rawajlandırıwǵa xızmet etetuǵın tapsırmalar ústinde islew ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp tabıladı. Oqıwshı ózi ushın qolay sharayatta turmıslıq hám oqıw tájiriybesine súyene otırıp, awızeki yamasa jazba sóylewi arqalı pikirlew iskerligin ámelge asıradı. Solay etip, hár bir pánniń ózi ushın belgisiz qırları boyınsha oqıtıwshı menen aktiv sheriklikte bolıw ushın psixikalıq tayarlıq payda boladı. Ol tema tuwralı berilgen sorawlarǵa tiyisli juwap qaytarıw ushın ózbetinshe dóretiwshilik etiwge háreket etedi. Oqıtıwshı bunday sheriklik procesinde oqıwshılardıń kreativligin rawajlandırıw menen birge, diagnostikalıq wazıypanı da atqaradı. Yaǵnıy, oqıwshılardıń qábileti, qızıǵıwshılıq sheńberin anıqlaydı, kreativlik qábiletin boljaydı. Kreativlikti rawajlandıratuǵın tapsırmalar ústinde islew procesinde bul júdá zárúrli bolıp tabıladı. Oqıwshılar óz-ózinen kreativ bolıp qalmaydı. Onıń kreativlik qábileti belgili waqıt ishinde izbe-iz oqıp úyreniw, óz ústinde islew arqalı qáliplestiriledi hám áste-aqırın rawajlanıp baradı.

Oqıtıwshılar oqıwshılar menen sheriklikte jumıs alıp barıp, olardıń hár bir pikirin inabatqa alıwı hám bunı oqıwshıǵa sezdiriwi sıyaqlı zárúrli wazıypalardı orınlaw arqalı oqıwshılardıń ózgeshe jantasa alıw qábiletine, yaǵnıy kreativ bolıwına erisiwi múmkin. Oqıtıwshı oqıwshılarǵa mashqalalı jaǵdaylardı tapsırma etip berip, oqıwshınıń másele sheshimin tabıwǵa dóretiwshilik jantasıwı ondaǵı shıdamlılıq sapalardı rawajlanıwına járdem beredi. Bul

oqıwshılardı óz ústinde islew, ózbetinshe oqıp úyreniwine múmkinshilik jaratadı.

Biraq biz izertlewimizde kreativlikti sabaq procesinde berilgen wazıypaǵa ózgeshe jol tabıw hám onı ilimiy tiykarlay alıw, jańasha pikirlew, nátiyjeni ámelde qollana alıw qábileti dep aldıq. Yaǵnıy bilimlendiriw tarawına tiyisli kreativlikti, sol qatarda, baslawısh klass oqıwshılarınıń kreativ qábiletlerin rawajlandırıw metodikasın kórip shıǵamız. Ata-analar hám oqıtıwshılar balalarda kreativlikti rawajlandırıwda durıs qarım-qatnas alıp barıw usıllarınan mısallar keltirip ótemiz.

- balalardıń sorawlarına shıdamlılıq penen durıs juwap beriń hám olardıń sorawları hám pikirlerin durıs qabıl etiń;
- waqtı-waqtı menen balalarǵa olardı jaqsı kóriwińizdi hám olardı qanday bolsa, sonday qabıllawıńızdı ámelde kórsetiń;
- balalarǵa múmkinshiliklerine sáykes jumıslardı buyırıń, olarǵa jeke rejelerin islep shıǵıw hám qarar qabıllawǵa kómeklesiń;
- kemshiliklerin kórsetken halda basqalar menen salıstırmań, balanı kemsitpeń hám ózin jaman, ázzi dep esaplawına jol qoymań;
- onı erkin pikirlewge úyretiń, onı túrli waqıyalardı oylap tabıwǵa, fantaziya etiwge májbúrleń, bul proceste oǵan járdemlesiń;
- balanı jaslıqtan oqıp-úyreniwge ádetlendiriń, mudamı balanıń mútájliklerine itibar qaratıń;
- qáteleri ushın balanı masqara etpeń, hár bir jetiskenligi ushın maqtań;
- balanı túrli jastaǵı insanlar menen ushırasıwǵa úyretip barıń;
- onıń menen talqılanatuǵın temalardı sheklemeń;
- balaǵa onıń shaxs bolıp qáliplesiwi ushın járdem beriń;
- balaǵa «Men de bunı bilmeymen» dep onı itibarsız bolıwǵa úyretpeń;
- balaǵa eger ol jumıstıń unamlı nátiyjege iye bolıwına isenbese de, baslanǵan jumıstı aqırına jetkiziwi ushın múmkinshilik jaratıń hám t.b. [3].

Oqıwshılardıń kreativlik qábiletin rawajlandırıwda ata-analar hám oqıtıwshılardan joqarı sabırlılıq talap etedi.

Eń aldı menen, oqıtıw barısında hár bir sabaq procesi dúzilisinde anıqlıq bolıwı hám oqıtıwshı oqıwshılarǵa erkinlikti, álbette, normasında támiyinlep beriwi kerek.

Baslawısh tálimniń ózine tán ózgesheliklerinen biri bul – balalardıń mektepke tayarlıq dárejesi, social tájiriybesi, psixo-fiziologiyalıq rawajlanıwı birdey emesliginde bolıp tabıladı. Soǵan qaray baslawısh tálim oqıw dástúri programmalarındaǵı tapsırmalarda oqıwshılarda bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlardı qáliplestiriwge itibar berilgen bolsa da, biraq oqıwshılarda dóretiwshilik iskerlikti rawajlandırıw tiykarında olardı jetilistiriw zárúr. Yaǵnıy, oqıtıwshılar juwapkershilik hám itibar menen qarawı zárúr.

**Juwmaq.** Pikirimiz juwmaǵında sonı aytıp ótiwimiz múmkin, oqıwshılardıń qábiletin anıqlaw, olardıń kreativ pikirlewin ele de rawajlandırıw yamasa qanday da bir faktorlar sebepli olardaǵı kreativlik sapalardı hám ilimiy tájiriybelerdi rawajlandırıwda tosqınlıq júzege kelse, oqıtıwshı bul faktorlardı waqtında saplastırıwǵa itibar qaratıwı kerek.

Solay etip, qáte islewden hám sın pikirge ushırawdan qorqıw, hádden tıs bahalarǵa itibar qaratıw sezimi kreativlik qábiletti júzege shıǵarmaydı. Oqıwshılardıń qábiletleri xoshametlense hám unamlı ortalıq jaratılsa ǵana, kreativ pikirlewdi ádetke aylandırıw múmkin.

**Ádebiyatlar**

1. Ózbekstan Respublikasınıń 2020-jıl 23-sentyabrdegi «Bilimlendiriw haqqında»ǵı O‘RQ-637-sanlı Nızamı.
2. Aliyev A. O‘quvchilarning ijodkorlik qobiliyati. – Toshkent: «O‘qituvchi», 1991.
3. Ismailov A. [va boshq.]. Kreativ fikrlashni baholash. –Toshkent: «Ta’lim sifatini baholash bo‘yicha xalqaro tadqiqotlarni amalga oshirish milliy markazining matbaa bo‘limi», 2021.
4. Karimova B.E. Kreativ pedagogika. –Toshkent: «Innovatsion-Ziyo», 2022.
5. Mavlonova R.A., Abdurahimova D. Pedagogik mahorat. O‘quv qo‘llanma. –Toshkent: «Fan va texnologiya», 2012.

**REZYUME**. Maqolada boshlang‘ich sinf o‘quvchilarining kreativ fikrlashini shakllantirish va rivojlantirib borish usullari haqida so‘z etilgan. O‘quvchilarning fikrlashi orqali muvoffaqiyatga erishishi, ularning o‘qituvchi tarafidan aniqlanishi va rag‘batlantirib borilishi tadqiqot ishimizning asosini tashkil qiladi.

**РЕЗЮМЕ**. В статье обсуждаются способы формирования и развития творческого мышления учеников начальной классы. Успех студентов с помощью творческого мышления, идентификации и поощрения каждого студента составляет основу исследования.

**SUMMARY**. The article discusses ways to form and develop creative thinking of primary school students. Students thinking, identification and stimulation of each student is the basis of the study.

## ETNOPEDAGOGIK QADRIYATLARDÍŃ TIKLENIWI – ÁDEP-IKRAM TÁRBIYASÍNÍŃ GIREWI

**A.K.Pazılov** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı, professor*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** etnopedagogika, xalq pedagogikasi, qadriyat, shaxs, milliy qadriyat, axloq, hurmat, izzat, ajdodlar merosi.

**Ключевые слова:** этнопедагогика, народная педагогика, ценность, человек, национальная ценность, нравственность, уважение, почёт, наследие предков.

**Key words:** ethnopedagogy, folk pedagogy, value, human, national value, morality, respect, honor, ancestral heritage.

**Kirisiw.** Ózbekstanda tariyx jılnamalarına altın háripler menen jazılǵan ǵárezsizligimizdiń sharapatı menen jergilikli xalıqlardıń ásirler dawamındaǵı erkin hám ǵárezsiz, teńler ishinde teń bolıp jasaw ármanı iske astı. Ǵárezsizlikke erisilgennen keyin pedagogikamız tariyxında uzaq waqıt qadaǵan etilgen, dıqqat-itibardan shette qalǵan milliy miyrasqa qızıǵıwshılıq arttı. Olardaǵı aldıńǵı pedagogikalıq pikirler tálim-tárbiya procesine engizile basladı. Jańa sabaqlıqlar, oqıw qollanbalar payda bola bolıp, olardı jazıwda tariyxıy hújjetlerden, milliy-mádeniy, tariyxıy ádebiyatlardan keń paydalanıw isleri ámelge asırıldı.